# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–03 मई 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में राजस्व विभाग क उच्च स्तरीय समीक्षा बइठकी कइलें। बइठकी में उहां के राजस्व वादन क समय से निपटारा अउर भूमि अभिलेखन क डिजिटलीकरण के सर्वोच्च प्राथमिकता के साथे पूरा करे क निरदेस दिहलें। प्रस्तुत ह एगो रिपोर्ट–

**मुख्यमंत्री ने कहा कि जनहित में राजस्व मामलों का निस्तारण समय सीमा के भीतर ही कराया जाए। चकबंदी से जुड़े मामलों में तकनीकी और पारदर्शिता का सहारा लिया जाए । उन्होंने अविवादित वरासत मामलों का पंद्रह दिन में अनिवार्य तौर पर निस्तारण करने का निर्देश दिया। मुख्यमंत्री ने इस बात पर जोर दिया कि साढ़े तीन लाख आपदा पीड़ितों को डीबीटी से मदद दी जाए। साथ ही कृषक दुर्घटना के सभी मामले दस दिन में निपटाए जाएं। उन्होंने नामांतरण वाद की प्रक्रिया को पूर्णतः ऑटोमेट करने का निर्देश दिया। मुख्यमंत्री ने यह भी कहा कि प्राधिकरणों के लैंडयूज डेटा को खतौनी पर प्रदर्शित किया जाए। समाचार कक्ष से मैं वेद प्रकाश पाठक।**

बइठकी में राजस्व परिषद क पोर्टल क रीडिजाइनो करे के बारे में चरचा भइल। मुख्यमंत्री लेखपाल से लेके आयुक्त ले एकीकृत डैशबोर्ड तइयार करे क भी निर्देस दिहलें जवना से विभागीय निगरानी सरल हो सके।

**********

प्रदेस के एक ट्रिलियन डॉलर क अर्थव्यवस्था बनावे बदे सज्जों जिलन में वन ट्रिलियन डॉलर ओटीडी सेल बनावल जाई। प्रदेस के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क देख रेख में ई पहल भइल हौ। प्रदेस सरकार क दिसा निरदेसन के हिसाबि से ओटीडी सेल जिलाधिकारी क अध्यक्षता में कार करी अउर येह में जिला अर्थ एवं संख्या अधिकारी सह संयोजक होइहें। करीब एक दरजन जिला स्तरीय अधिकारी एकर सदस्य होइहें। जिलाधिकारी जरूरति के हिसाबि से सम्मानित शिक्षाविदन अउर उद्योगपतियों के येह समिति में सामिल कइ सकेलें। येह सेल क उद्देश्य राज्य क अर्थव्यवस्था के हिसाबि से जिला में हो रहल कोसिसन क नियमित समीक्षा अउर येह दिसा में जिला क योगदान में तेजी लावल हौ।

**********

अजोध्या क श्रीराम जन्मभूमि हाता क साठ फीसदी हिस्सा के हरियाली से सुसज्जित कइल जाई। ई फइसिला श्रीराम जनम भूमि भवन निरमाण समिति क बइठकी में लिहल गइल हौ। रामकथा संग्रहालय में भइल येह बइठकी में फइसिला भइल हौ कि परिसर में आठ एकड़ में पंचवटी उद्ययान स्थापित कइल जाई। येहमें फलदार अउर प्राचीन पेड़न क पौधा लगावल जाई। निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेंद्र मिश्र बतवलें कि बइठकी में रामकथा संग्रहालय क सरधालुअन बदे खोले पर  भी चरचा भइल।

**अनुमान यह किया जा रहा है कि म्युजियम श्रद्धालुओं के लिए एक सार्वजनिक दृष्टि से अप्रैल दो हजार छब्बीस तक जो है, इसकी अनुमति दे दी जाएगी। कि वहां पर श्रद्धालु आ सकें और जो भी गैलरीज हैं उसको आकर देख सकें।**

**********

गूगल, मेटा अउर माइक्रोसॉफ्ट के साथे सात वैश्विक फर्म आजु मुंबई में वेव्स शिखर सम्मेलन में भारतीय रचनात्मक प्रौद्योगिकी संस्थान–आईआईसीटी के साथे एगो समझौता ज्ञापन पर दस्खत कइलें। आईआईसीटी क स्थापना चारि सौ करोड़ रुपिया क फंडिंग के साथे मुंबई में कइल जाई। येह मौका पर सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव कहले कि आवे वाले दिनन में आईआईसीटी, आईआईटी अउर आईआईएम के समान मान्यता प्राप्त करी।

येही क्रम में वेव्स में आजु कम्युनिटी रेडियो सम्मेलन क उद्घाटन सत्र के सम्बोधित करत सूचना अउर प्रसारण राज्य मंत्री डॉ. एल. मुरुगन कहलें कि सज्जों कम्युनिटी रेडियो कउनो न कउनो उद्देस्य बदे कार कइ रहल हवें अउर हम्मन क परंपरा के बढ़ाव दे रहल हवें। सूचना अउर प्रसारण सचिव संजय जाजूओ येह मौका पर मौजूद रहले।

**********

समग्र क्षेत्रीय केंद्र सीआरसी गोरखपुर की ओरि से कुशीनगर जिला में पडरौना के रविंद्रनगर क मूक बधिर इंटरमीडिएट कॉलेज में दिव्यांग चिन्हीकरण शिविर क छौ मई के आयोजन होई। ई जनकारी जिला दिव्यांग जन ससक्तिकरण अधिकारी अभय पाण्डेय दिहलें। उहां के बतवलीं कि जिला क चिन्हित दिव्यांग लोगिन के निःसुल्क मोटराइज्ड ट्राइसाईकिल बांटल जाई।

**********

पांच से अठारह बरिस क उमिरि के लइकन खातिर प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार–दुइ हजार पचीस बदे नामांकन येह बरिस इकतीस जुलाई ले करावल जा सकेला। प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार राष्ट्रीय स्तर क प्रतिष्ठित पुरस्कार हौ जवन लइकन क असाधारण उपलब्धियन के मान्यता देवे बदे भारत क राष्ट्रपति की ओरि से हर साल दिहल जाला।

**********

मौसम विज्ञान विभाग पूरबी उत्तर प्रदेश में आवे वाला सात मई ले जबकि पश्चिमी उत्तर प्रदेस में आठ मई ले कुछु जगहिन पर बरखा क आगम जतवले हौ। विभागीय पूर्वानुमान के हिसाबि से आजु से पांच मई ले बरखा के साथे साथे तेज सतही बयारों चलले क अनेसा हौ। प्रदेस क पूर्बी अउर पश्चिमी इलाकन में छौ मई ले बज्रपात अउर तेज बयरियो चलले क धिरवनिया दिहल गइल हौ। येह इलाकन में सात मई के भी बज्रपात के लेके मौसम विज्ञान विभाग चेतावनी देहले हौ।

**********